# «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zam aktlerin tayarlaw haqqi’nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’

**I-Uli’wma rejeler**

**1-statya.** Ni’zamni’n’ maqseti.
Bul ni’zam Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen qabi’l yetiletug’i’n ni’zam aktlerin tayarlawdi’n’ ta’rtibin belgilep beredi.

**2-statya.** Ni’zamni’n’ ha’reket yetiw salasi’.
Bul ni’zam ni’zam shi’g’ari’w baslamasi’ huqi’qi’na iye bolg’an uyi’mlar ha’m adamlardi’n’, sonday-aq Joqarg’i’ Ken’estin’, Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’ni’n’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ tapsi’rmasi’ yamasa usi’ni’si’, yaki wo’z baslamasi’ menen ni’zam aktlerinin’ joybarlari’n islep shi’g’i’wdi’ a’melge asi’ri’wshi’ ministrlikler, vedomstvolar, basqa da ma’mleketlik uyi’mlar ha’m ja’miyetlik birlespelerdin’ jumi’si’na tiyisli boladi’.

**3-statya.** Ni’zam aktlerinin’ joybarlari’n tayarlawdi’n’ demokratiyali’q tiykarlari’.
Ni’zam aktleri Qaraqalpaqstan Respublikasi’ xalqi’ni’n’ yerkin bildiriwi, ha’r qi’yli’ siyasiy ku’shlerdin’, ja’miyettin’ socialli’q qatlamlari’ni’n’ ha’m toparlari’ni’n’ ma’plerinin’ kelisip u’ylesiwin ta’miyinlewi tiyis.
Ni’zam aktlerinin’ joybarlari’n tayarlaw ja’riyali’li’q, ja’miyettin’ pikirin u’yreniw ha’m yesapqa ali’w tiykari’nda, Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ni’n’, partiya frakciyalari’ni’n’ (bloklari’ni’n’), ma’mleketlik uyi’mlardi’n’ ha’m ja’miyetlik birlespelerdin’ qatnasi’wi’nda a’melge asi’ri’ladi’. Joybarlardi’ tayarlawg’a ilimiy ma’kemeler, woqi’w wori’nlari’, ilimpazlar, xali’q xojali’g’i’ tiyisli tarawlari’ni’n’ qa’nigeleri ha’m yuridikali’q xi’zmetleri tarti’ladi’.
Ni’zam aktlerinin’ joybarlari’ g’alaba xali’qli’q dodalawg’a usi’ni’li’wi’ mu’mkin.

**4-statya.** Joqarg’i’ Ken’estin’ ni’zam shi’g’ari’w jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’.
Joqarg’i’ Ken’es wo’z jumi’si’nda to’mendegi tiykarg’i’ bag’darlar boyi’nsha ni’zam shi’g’ari’w jumi’si’ni’n’ perspektivali’q ja’ne ag’i’mdag’i’ jobalari’n islep shi’g’adi’ ha’m qabi’l yetedi:
insan huqi’qlari’ni’n’ saqlani’wi’ ha’m demokratiyali’q principlerdi bunnan bi’lay turmi’sqa yengiziw;
ma’mleketlik quri’li’s;
bazar ekonomikasi’ni’n’ qa’liplesiwi;
xali’qarali’q qatnasi’qlardi’n’ rawajlani’wi’.

**5-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zam aktleri joybarlari’ni’n’ ni’zamshi’li’q principlerine ha’m xali’qarali’q sha’rtnamalari’na muwapi’qli’g’i’n ta’miyinlew.
Ni’zam aktleri joybarlari’n tayarlag’anda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ni’zamshi’li’q sistemasi’ ha’m principleri, sonday-aq qabi’l yetilgen Wo’zbekstan Respublikasi’ hu’kimetinin’ xali’qarali’q sha’rtnamalari’ yesapqa ali’nadi’.

**6-statya.** Ni’zam aktleri joybarlari’ni’n’ sapali’ boli’wi’n ta’miyinlew.
Ni’zam akti joybari’n islep shi’g’i’wdi’ a’melge asi’ri’wshi’ ma’mleketlik uyi’mlar, ja’miyetlik birlespeler ha’m adamlar usi’ ni’zamni’n’ talaplari’na muwapi’q woni’n’ sapali’ ha’m wo’z waqti’nda tayarlani’wi’n ta’miyinlewge minnetli.
Ni’zam aktinin’ joybari’ ha’r ta’repleme tiykarlang’an boli’wi’, insan huqi’qlari’ni’n’ arti’qmashi’li’g’i’ principlerinen kelip shi’g’i’wi’, ja’miyettin’ ha’m ma’mlekettin’ ma’plerin sa’wlelendiriwi tiyis.

**7-statya.** Ni’zamlardi’n’ na’tiyjeliligin u’yreniw.
Joqarg’i’ Ken’estin’ komitetleri ha’m komissiyalari’, sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ministrlikleri menen vedomstvolari’ wo’zlerine tapsi’ri’lg’an tarawlarda yamasa basqari’w salasi’nda, respublikali’q ja’miyetlik birlespelerdin’ basshi’ uyi’mlari’ wo’zlerinin’ ustavli’q wazi’ypalari’na muwapi’q ni’zamlardi’n’ qollani’w praktikasi’n ha’m wolardi’n’ na’tiyjeliligin u’yreniwdi sho’lkemlestiredi ha’m za’ru’r bolg’an jag’dayda wolardi’ jetilistiriw boyi’nsha usi’ni’slar kelip shi’g’adi’.

**II-Ni’zam aktlerinin’ joybarlari’n tayarlaw boyi’nsha jumi’sti’ sho’lemlestiriw**

**8-statya.** Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’ni’n’ joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’si’.
Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’:
joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’sti’ jobalasti’ri’wdi’ sho’lkemlestiredi, jobalardi’n’ wori’nlani’wi’n uli’wma qadag’alawdi’ a’melge asi’radi’;
Joqarg’i’ Ken’estin’ komitetleri ha’m komissiyalari’na, ma’mleketlik uyi’mlar menen ja’miyetlik birlespelerge joybarlardi’ islep shi’g’i’w haqqi’nda tapsi’rmalar ha’m usi’ni’slar beredi;
ni’zam aktlerinin’ joybarlari’ boyi’nsha koncepciyalardi’ qarap shi’g’adi’;
joybarlardi’ tayarlawdi’n’ bari’si’ haqqi’nda komitetler ha’m komissiyalardi’n’, ma’mleketlik uyi’mlar menen ja’miyetlik birlespelerdin’ bildiriwlerin ti’n’laydi’;
Joqarg’i’ Ken’estin’ deputatlari’na joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’si’nda ja’rdem ko’rsetedi;
za’ru’r bolg’an jag’daylarda joybarlardi’ g’alaba xali’qli’q dodalawg’a usi’nadi’;
aldi’n-ala yamasa qosi’msha tu’rde qarap shi’g’i’w ushi’n joybarlardi’ Joqarg’i’ Ken’estin’ tiyisli komitetleri menen komissiyalari’na beredi;
za’ru’r bolg’an jag’daylarda ni’zam joybarlari’n u’yrenip shi’g’i’w ushi’n g’a’rezsiz ekspertiza du’zedi ha’m wog’an ni’zam joybarlari’n ilimiy ekspertizag’a jollaydi’;
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetine Joqarg’i’ Ken’estin’ qarap shi’g’i’wi’na usi’ni’li’p ati’rg’an ni’zamlardi’n’ ha’m basqa da aktlerdin’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’na muwapi’qli’g’i’n ko’rip shi’g’i’wg’a usi’ni’ladi’;
ha’rekettegi ni’zamlardi’n’ a’melde qollani’li’wi’ ha’m wolardi’n’ na’tiyjeliligi haqqi’nda ma’mleketlik uyi’mlar menen ja’miyetlik birlespelerdin’ bildiriwin ti’n’laydi’;
Joqarg’i’ Ken’estin’ deputatlari’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’estin’ qarap shi’g’i’wi’na usi’ni’latug’i’n ni’zam aktlerinin’ joybarlari’, joybarlar boyi’nsha basqa

da za’ru’rli materiallar menen waqti’nda ta’miyinleniwin qadag’alawdi’ a’melge asi’radi’;
usi’ ni’zam talaplari’ buzi’lg’an jag’dayda ni’zam aktinin’ joybari’n woni’ usi’ng’an uyi’mg’a qaytaradi’;
za’ru’r bolg’an jag’daylarda ni’zam aktlerinin’ joybarlari’n tayarlaw boyi’nsha konkurs ja’riyalaydi’.
Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’ joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’sti’ sho’lkemlestiriwine baylani’sli’ basqa da wa’killiklerdi a’melge asi’radi’.

**9-statya.** Joqarg’i’ Ken’es komitetleri ha’m komissiyalari’ni’n’ joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’si’.
Joqarg’i’ Ken’estin’ komitetleri ha’m komissiyalari’:
ni’zam shi’g’ari’w aktlerinin’ joybarlari’n wo’z intasi’ yamasa Joqarg’i’ Ken’estin’, Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’ni’n’ tapsi’ri’wi’ boyi’nsha islep shi’g’adi’ ha’m Joqarg’i’ Ken’estin’ qarap shi’g’i’wi’na usi’nadi’;
joybarlardi’ tayarlaw yamasa aldi’n-ala qarap shi’g’i’w ushi’n arnawli’ komissiyalar yamasa jumi’sshi’ toparlardi’ du’zedi;
joybarlar boyi’nsha tiyisli ma’mleketlik uyi’mlardi’n’, ja’miyetlik birlespelerdin’ ha’m ilimiy ma’kemelerdin’ pikirin ani’qlaydi’;
joybarlar boyi’nsha tu’sken usi’ni’slardi’ uli’wmalasti’radi’ ha’m qarap shi’g’adi’.
Joqarg’i’ Ken’estin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’sti’ sho’lkemlestiriwge baylani’sli’ basqa da wa’killiklerdi a’melge asi’radi’.

**10-statya.** Joqarg’i’ Ken’es deputati’ni’n’ joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’si’.
Joqarg’i’ Ken’es deputati’:
Joqarg’i’ Ken’eske, Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’na yamasa Joqarg’i’ Ken’estin’ komitetleri ha’m komissiyalari’na joybarlardi’ islep shi’g’i’w boyi’nsha usi’ni’slar kirgiziwi mu’mkin;
joybar islep shi’g’i’wda wog’an ja’rdem ko’rsetiwge, ma’limleme ha’m mag’li’wmat materiallar menen ta’miyinlewge minnetli bolg’an tiyisli ma’mleketlik uyi’mlarg’a ha’m ja’miyetlik birlespelerge mu’ra’jat yetiwge haqi’li’;
Joqarg’i’ Ken’es ha’m woni’n’ uyi’mlari’ ta’repinen joybarlardi’ tayarlaw ushi’n du’ziletug’i’n komissiyalar ha’m jumi’sshi’ toparlardi’n’ jumi’si’na qatnasadi’;
ni’zam aktleri joybarlari’n tayarlawda saylawshi’lardi’n’ pikirlerin yesapqa aladi’.
Joqarg’i’ Ken’es deputati’ joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’sti’ sho’lkemlestiriwge baylani’sli’ basqa da wa’killiklerdi a’melge asi’radi’.

**11-statya.** Ministrler Ken’esinin’ joybarlari’n tayarlaw boyi’nsha jumi’si’.
Ministrler Ken’esi
ni’zam aktleri joybarlari’n wo’z intasi’ boyi’nsha yamasa Joqarg’i’ Ken’estin’ yaki woni’n’ Basli’g’i’ni’n’ tapsi’rmasi’ boyi’nsha islep shi’g’i’wdi’ a’melge asi’radi’ ha’m wolardi’ Joqarg’i’ Ken’estin’ qarap shi’g’i’whi’na usi’nadi’;
joybarlardi’ tayarlaw haqqi’nda ministrlikler ha’m vedomstvolarg’a tapsi’rmalar beredi, wolardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’sti’ birlestiredi ha’m bag’darlaydi’;
ni’zam aktleri joybarlari’ boyi’nsha ma’mleketlik uyi’mlardi’n’, ja’miyetlik birlespelerdin’ ha’m ilimiy ma’kemelerdin’ pikirlerin ani’qlaydi’;
joybardi’ uli’wma xali’qli’q dodalawg’a shi’g’ari’wdi’n’ maqsetke muwapi’qli’g’i’ haqqi’nda Joqarg’i’ Ken’eske usi’ni’slar kirgizedi;
ha’rekettegi ni’zamlardi’n’ qollani’li’w ta’jriybesi ha’m wolardi’ na’tiyjeliligin u’yreniw juwmaqlari’ haqqi’nda ministrlikler ha’m vedomstvolardi’n’ ma’limlemelerin ti’n’laydi’.
Ministrler Ken’es joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’sti’ sho’lkemlestiriwge baylani’sli’ basqa da wa’killiklerdi a’melge asi’radi’.

**12-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ a’dillik ministrliginin’ joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’si’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ A’dillik ministrligi:
joqarg’i’ uyi’mlar tapsi’rmasi’ ha’m wo’z intasi’ boyi’nsha ni’zam aktleri joybarlari’n tayarlaydi’, basqa da ma’mleketlik uyi’mlar ha’m ja’miyetlik birlespeler menen birlikte joybarlardi’ tayarlawda qatnasadi’;
Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’ni’n’ yamasa Ministrler Ken’esinin’ tapsi’rmasi’na muwapi’q, Joqarg’i’ Ken’estin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ni’n’ talabi’ boyi’nsha ni’zam aktleri joybarlari’ boyi’nsha yuridikali’q juwmaqlar beredi;
ni’zam aktleri joybarlari’n tayarlawdi’ a’melge asi’ri’wshi’ ministrlikler ha’m vedomstvolardi’n’ jumi’si’n baylani’sti’radi’;
ni’zam aktleri joybarlari’n tayarlawdi’ ali’p bari’wshi’ ma’mleketlik uyi’mlar ha’m ja’miyetlik birlespelerge metodikali’q ja’rdem ko’rsetedi;
Joqarg’i’ Ken’eske, woni’n’ uyi’mlari’na ha’m Ministrler Ken’esine ni’zam aktleri joybarlari’n islep shi’g’i’w ma’selesi boyi’nsha ma’limleme beredi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ A’dillik ministri joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha jumi’sti’ sho’lkemlestiriwge baylani’sli’ basqa da wa’killiklerdi a’melge asi’radi’.

**III–Ni’zam aktleri joybarlari’n tayarlaw**

**13-statya.** Joybarlardi’ tayarlaw boyi’nsha komissiyalar yamasa jumi’sshi’ toparlar du’ziw.
Ni’zam akti joybari’n tayarlaw ushi’n tayarlaw komissiyalari’, jumi’sshi’ ha’m redakciyali’q toparlar du’ziliwi mu’mkin.
Joqarg’i’ Ken’es, woni’n’ Basli’g’i’ yamasa komitetleri ha’m komissiyalari’ ta’repinen du’ziletug’i’n tayarlaw komissiyalari’ qurami’na deputatlar, ma’mleketlik uyi’mlardi’n’, ja’miyetlik birlespelerdin’, ilimiy ma’kemelerdin’, woqi’w wori’nlari’ni’n’ wa’killeri, qa’nigeler ha’m ilimpazlar kirgiziliwi mu’mkin.
Ni’zam akti joybari’n tayarlaw tapsi’ri’lg’an ma’mleketlik uyi’m yamasa ja’miyetlik birlespe joybardi’ islep shi’g’i’wg’a qatnasi’wshi’ uyi’mlardi’n’ wa’killerinen, basqa da ma’pdar ma’mleketlik uyi’mlar ha’m ja’miyetlik birlespeler, ilimiy ma’kemelerdin’ wa’killerinen, qa’nigeler ha’m ilimpazlardan komissiya du’ziwi mu’mkin.
Joybar u’stinde jumi’s ali’p bari’wdan aldi’n komissiya yamasa woni’ tayarlawdi’ a’melge asi’ri’wshi’ uyi’m (uyi’mlar) ta’repinen ni’zam akti konsepciyasi’ islep shi’g’i’ladi’, woni’n’ maqseti, ha’reket yetiw salasi’, strukturasi’, ni’zamlar sistemasi’ndag’i’ worni’ belgilenedi.
Ministrlikler, vedomstvolar, ka’rxanalar, ma’kemeler, sho’lkemler joybardi’ tayarlawdi’ ali’p bari’wshi’ uyi’mni’n’ wo’tinishi boyi’nsha joybar boyi’nsha juwmaqlar beredi, ken’es beriw ushi’n qa’nigelerdi aji’ratadi’, za’ru’rli materiallardi’ beredi.

**14-statya.** Joybardi’ tayarlawda ni’zamlardi’n’ a’melde qollani’li’wi’n ha’m ja’miyetlik pikirdi u’yreniw.
Ni’zam aktinin’ joybari’n tayarlag’anda Joqarg’i’ Ken’estin’ komitetleri ha’m komissiyalari’, ma’mleketlik uyi’mlar ha’m ja’miyetlik birlespeler:
joybar temasi’ boyi’nsha ha’reket yetip turg’an ni’zamlardi’n’ a’melde qollani’li’wi’n u’yrenedi ha’m yesapqa aladi’, huqi’qi’y ta’rtiplestiriwde ja’miyetlik talapti’, ni’zamlardi’n’ na’tiyjeliligine ta’sir yetiwshi sebepler menen jag’daylardi’ ani’qlaydi’;
ni’zamlardi’ jetilistiriw haqqi’nda ma’mleketlik uyi’mlardi’n’, ja’miyetlik birlespelerdin’, miynet ja’ma’a’tleri menen puqaralardi’n’ usi’ni’slari’n, g’alaba xabar qurallari’ni’n’ materiallari’n, ilimiy ma’kemelerdin’, ilimpazlardi’n’ ha’m qa’nigelerdin’ usi’ni’slari’n, ja’miyetlik pikirdi ani’qlawdi’n’ basqa da qurallari’ni’n’ mag’li’wmatlari’n uli’wmalasti’radi’ ha’m paydalanadi’;
basqa ma’mleketlerdegi ni’zam shi’g’ari’w ta’jriybesin yesapqa aladi’.

**15-statya.** Ni’zam aktinin’ tu’ri.
Ta’rtiplestiriwshi qatnasi’qlardi’n’ si’pati’ ha’m wo’zgesheliklerine qaray ni’zam aktinin’ joybari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zami’ni’n’

joybari’ yamasa Joqarg’i’ Ken’estin’ qarari’ tu’rinde tayarlanadi’.

**16-statya.** Joybardi’ pikir bildiriwge jiberiw.
Joybar, woni’ tayarlawg’a juwapker bolg’an uyi’m ta’repinen ma’pdar ma’mleketlik uyi’mlarg’a ha’m ja’miyetlik birlespelerge, sonday-aq ilimiy ma’kemeler menen woqi’w wori’nlari’na pikir bildiriw ushi’n jiberiliwi mu’mkin, wolar joybar boyi’nsha wo’z usi’ni’slari’ menen yeskertiwlerin bildiredi.
Joybardi’ aldi’n-ala dodalawda kirgizilgen yamasa wog’an pikir bildiriwde bayanlag’an usi’ni’slar ha’m yeskertiwler joybar ustinde bunnan bi’lay jumi’s islegende qarap shi’g’i’ladi’ ha’m uli’wmalasti’ri’ladi’.

**17-statya.** Ni’zam aktin qabi’l yetiwge baylani’sli’ normativlik aktlerdin’ joybarlari’n islep shi’g’i’w.
Ni’zam aktin qollani’w ushi’ za’ru’r bolg’an normativlik aktlerdin’ joybarlari’ (ha’reketke yengiziw ta’rtibi haqqi’nda, hu’kimetlik ha’m vedomstvoli’q normativlik aktler ha’m t.b.), tiyisli wo’zgerisler, qosi’mshalar haqqi’nda, yamasa buri’n qabi’l yetilgen ni’zam aktlerin wo’z ku’shin joyi’tqan dep tabi’w haqqi’nda usi’ni’slar a’dette ni’zam aktinin’ joybari’ menen bir waqi’tta islep shi’g’i’ladi’. Bul normativlik aktler jan’a ni’zam aktin qabi’l yetiw menen bir waqi’tta yamasa woni’ ha’reketke yengizgenge deyin yaki ni’zam qabi’l yetilgennen keyin mu’mkin bolg’ani’nsha qi’sqa mu’ddet ishinde qabi’l yetiledi.

**18-statya.** Ni’zam akti joybari’ni’n’ g’a’rezsiz ekspertizasi’.
Ni’zam aktlerinin’ joybarlari’ ekspertlik bahalawdan wo’tkeriliwi mu’mkin. Ekspertiza Joqarg’i’ Ken’estin’ komitetinde yamasa komissiyasi’nda joybar u’stindegi jumi’s tamamlang’annani keyin wo’tkeriledi.
Ni’zam akti joybari’ni’n’ ekspertizasi’n wo’tkeriwge ilimpazlar, a’meliy jumi’sta islep ati’rg’anlar ha’m basqa da adamlar arasi’nan joqari’ mamanli’qtag’i’ qa’nigeler tarti’ladi’.
Joybar ekspertizasi’ni’n’ na’tiyjeleri boyi’nsha ekspertler tiyisli juwmaq beredi.
Yeger ni’zam aktinin’ tayarlang’an joybari’ woni’ islep shi’g’i’wshi’lar aldi’na qoyi’lg’an wazi’ypalarg’a juwap bermeydi dep tabi’lsa, wonda Joqarg’i’ Ken’es ha’m woni’n’ uyi’mlari’ usi’ joybardi’ tayarlaw boyi’nsha komissiya yamasa jumi’sshi’ topari’n tarqati’w haqqi’nda ha’m woni’ jan’a quramda du’ziw haqqi’nda sheshim qabi’l yetiwi mu’mkin.

**19-statya.** Ni’zamshi’li’q eksprementin wo’tkeriw.
Joqarg’i’ Ken’es baslamasi’ boyi’nsha yamasa ni’zam shi’g’ari’w baslamasi’ huqi’qi’na iye bolg’an uyi’mlar ha’m adamlardi’n’ usi’ni’si’ boyi’nsha eksprement si’pati’nda ayi’ri’m bir aymaqta yamasa xali’q xojali’g’i’ni’n’ tarawi’nda woni’n’ na’tiyjeliligin u’yrengiw maqsetinde jan’a huqi’qi’y ta’rtiplerin waqi’tsha yengiziw haqqi’nda ma’seleni sheshiwi mu’mkin.

**IV–Ni’zam aktleri joybarlari’ni’n’ mazmuni’na qoyi’latug’i’n tiykarg’i’ talaplar**

**20-statya.** Joybardi’n’ mazmuni’ ha’m strukturasi’.
Ni’zam aktinin’ joybari’nda normativlik ko’rsetpeler statyalar tu’rinde bayanlanadi’. Kodeksler ha’m basqa da ni’zamlardi’n’ statyalari’na, a’dette atamalar beriledi.
Ni’zam aktlerinin’ joybarlari’ kiris bo’limge iye boli’wi’, bo’limlerge, qosi’msha bo’limlerge, baplarg’a ha’m paragraflarg’a, al statyalar bo’limlerge, punktlerge ha’m qosi’msha punktlerge bo’liniwi mu’mkin. Bo’limler, baplar, statyalar, statyalardi’n’ bo’limleri, punktleri ha’m qosi’msha punktleri joybar temasi’n aqi’lg’a ug’ras rawajlandi’ri’wdi’ ta’miyinlewshi izbe-izlik penen jaylasadi’.
Ni’zam akti joybari’ni’n’ rejeleri sarras tu’sinikli ha’m ayqi’n boli’wi’ tiyis. Joybardi’ paydalani’latug’i’n tu’sinikler ha’m terminler ha’reket yetip turg’an ni’zamlarda qabi’l yetilgen ma’nislerine muwapi’q, ha’r qi’yli’ tu’siniw mu’mkinshiligin boldi’rmaytug’i’n yetip bir qi’yli’ ma’niste qollani’ladi’. Za’ru’r bolg’an jag’daylarda arnawli’ terminlerge ha’m tu’siniklerge qi’sqasha ani’qlama beriledi, uli’wma qabi’l yetilgen qi’sqarti’wlar qollani’ladi’ ha’m basqa da qi’sqarti’wlarg’a tu’sinik beriledi.

**21-statya.** Joybardi’n’ rekvizitleri.
Ni’zam joybari’ni’n’ akti to’mendegi rekvizitlerge iye boli’wi’ tiyis:
- akt tu’rinde belgisi;
- woni’n’ tiykarg’i’ mazmuni’n ko’rsetetug’i’n atamasi’;
- aktke qol qoyg’an adamni’n’ lawazi’mi’ni’n’ atamasi’.
Ni’zam aktinin’ joybari’nda za’ru’r bolg’an jag’daylarda woni’n’ ku’shine kiriw waqti’ ha’m ta’rtibi ko’rsetiledi.

**V–Juwmaqlawshi’ rejeler**

**22-statya.** Ni’zam shi’g’ari’w baslamasi’ huqi’qi’.
Ni’zam shi’g’ari’w baslamasi’ huqi’qi’na iye bolg’an uyi’mlar ha’m adamlar ni’zam aktlere joybarlari’n Joqarg’i’ Ken’estin’ qarap shi’g’i’wi’na usi’nadi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’na muwapi’q Joqarg’i’ Ken’este ni’zam shi’g’ari’w baslamasi’ huqi’qi’ Joqarg’i’ Ken’estin’ Basli’g’i’na, Joqarg’i’ ken’estin’ deputatlari’na, Ministrler Ken’esine, Konstituciyali’q baqlaw komitetine, Joqarg’i’ sudqa, Xojali’q sudi’na, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ prokurori’na tiyisli boladi’.
Ni’zam shi’g’ari’w baslamasi’ huqi’qi’na iye bolmag’an ministrlikler, vedomstvolar ha’m basqa da uyi’mlar yamasa ja’miyetlik birlespeler ta’repinen tayarlang’an ni’zam aktlerinin’ joybarlari’, yeger joybar tayarlaw haqqi’nda tapsi’rmada basqa na’rse na’zerde tuti’lmag’an bolsa, Ministrler Ken’esinin’ qarap shi’g’i’wi’na usi’ni’ladi’.
Ni’zam aktinin’ joybari’ aldi’n ala qarap shi’g’i’wdi’n’ na’tiyjelerin yesapqa ali’w menen, sonday-aq usi’ ni’zamni’n’ talaplari’ buzi’lg’an jag’dayda toli’qti’ri’p islep shi’g’i’w qaytari’li’wi’ mu’mkin.

**23-statya.** Joybardi’ tiykarlaw.
Ni’zam aktinin’ joybari’ Joqarg’i’ Ken’eske usi’ng’anda woni’ qabi’l yetiw za’ru’rligine tiykarlama, sonday-aq joybar boyi’nsha kelisilgen ma’mleketlik uyi’mlar ha’m ja’miyetlik birlespelerdin’ dizimi beriledi. Woni’ a’melge asi’ri’w qosi’msha materialli’q ha’m basqa da shi’g’i’nlardi’ talap yetetug’i’n joybar usi’ni’lg’anda wog’an finansli’q-ekonomikali’q tiykarlama qosa keltiriledi.
Joybardi’ tayarlawg’a qatnasi’wshi’, wol boyi’nsha qarsi’ pikirge iye bolg’an ma’mleketlik uyi’m yamasa ja’miyetlik birlespenin’ basshi’si’, wo’zin kelispeytug’i’n rejelerdin’ tu’p ma’nisi boyi’nsha tiykarlang’an pikirdi usi’nadi’.

**24-statya.** Ni’zam aktlerinin’ joybarlari’n Joqarg’i’ Ken’este dodalaw.
Joqarg’i’ Ken’eske usi’ni’lg’an ni’zam aktlerinin’ joybarlari’n dodalaw Joqarg’i’ Ken’es reglamentinin’ rejelerine muwapi’q a’melge asi’ri’ladi’.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*